



Pwoteje Tèt ou Kont Polyo

Polyomyelit, oswa polyo, se yon enfeksyon viral moun pran akoz Polyoviris, ki se yon kalite antewoviris. Maladi a lakoz moun paralize oswa gen feblès nan bra, nan janm oswa toude. Depi ane 1979, yo pa jwenn yon ka polyovirisan peyi Etazini.

Fason ki pi enpòtan pou timoun yo ak granmoun yo pwoteje tèt yo kont polyo, se lè yo vaksinen san pèdi tan si yo poko resevwa tout dòz vaksen ki rekòmande kont polyo a. Timoun yo dwe pran kat (4) dòz vaksen kont polyoviris apati laj de (2) mwa. Moun ki kòmanse pran seri vaksen yo apre laj kat (4) lane dwe resevwa twa (3) dòz antou.

Moun ki granmoun ki te déjà pran tout vaksen yo pandan yo te timoun epi ki arisk pou yo pran polyoviris la kounye a, dwe pran yon dòz vaksen pou granmoun kòm rapèl.

Sa Ou Bezwèn Konnen Sou Polyo

Ki moun ki kapab pran polyo?

Yon moun ki pa vaksinen — timoun oswa granmoun — kapab pran polyo kèlkeswa laj li.

Kijan polyo a simaye?

Polyoviris la souvan simaye pamí moun ki pa fin pran tout vaksen kont polyo yo pa mwayen matyè fekal (poupou) yon moun ki enfekte ki sou men yo oswa sou objè yo. Li enpòtan anpil pou nou lave men nou souvan, sitou apre nou fin itilize twalèt la epi apre nou fin chanje kouchèt yo. Li posib tou pou polyoviris la simaye pa mwayen krache ak gout saliv ki sot nan bouch nou lè nou ap respire. Li fasil pou polyoviris la simaye nan fanmi ki pa vaksinen yo.

Ki sentòm polyo a genyen?

Pifò moun ki enfekte nan polyoviris la pa gen okenn sentòm, men, yo kapab toujou simaye enfeksyon an. Yon (1) moun sou kat (4) ki gen enfeksyon polyoviris la ap gen yon seri sentòm ki sanble ak sentòm grip, tankou gòj fè mal, lafyèv, fatig, anvi vomi ak lestomak fè mal. Anviwon kat (4) moun sou 100 (4%) ki gen enfeksyon polyoviris la vin gen menenjit ki se yon enfeksyon nan likid ak manbràn sèvo a ak mwèl epinyè a. Anviwon yon (1) moun sou 200 (0.5%) ki gen enfeksyon polyoviris la vin paralize.

Sou konbyen tan sentòm yo parèt apre enfeksyon an?

Moun ki nan anviwònman kote ki gen polyoviris la kapab devlope enfeksyon an ant twa (3) a sis (6) jou apre; yo kapab vin paralize ant sèt (7) a 21 jou apre yo fin kontamine.

Kilè epi pandan konbyen tan yon moun kapab simaye polyo a?

Polyoviris la kontajye anpil. Pasyan ki gen enfeksyon polyoviris la kapab simaye viris la anvan epi jiska de (2) semèn apre premye sentòm yo. Sepandan, pasyan yo kapab simaye maladi a toutotan viris la nan matyè fekal yo oswa krache yo. Moun yo kapab simaye polyoviris la menmsi yo pa gen okenn sentòm.

Ki vaksen kont polyo ki disponib?

Gen de (2) kalite vaksen kont polyo: yon vaksen oral avèk viris vivan ki afebli epi yon piki ki se yon vaksen avèk viris ki pa aktif. **Depi lane 2000, se sèlman piki ki se vaksen avèk viris ki pa aktif la ki disponib nan peyi Etazini, menm lè yo kapab itilize vaksen oral avèk viris vivan ki afebli a nan lòt peyi.**

Yo bay vaksen piki a lè yo bay moun nan yon piki nan janm oswa nan bra, epi li pa kapab lakoz moun paralize. Vaksen an san danje, li efikas anpil epi li pa kapab ba ou polyo. Efè segondè piki a pa grav, se sitou yon doulè nan bra oswa nan janm kote yo te bay piki a.

Kisa yon vaksen derive polyoviris (VDPV) ye?

VDPV se yon souch polyoviris ki fèb ki antre nan vaksen oral avèk viris vivan ki afebli a. VDPV a chanje anpil tank tan ap pase epi li konpòte li plis tankou viris sovaj oswa polyoviris. Li kapab simaye byen fasil pami moun ki pa vaksinen kont polyo epi ki gen kontak avèk matyè fekal yon moun ki enfekte epi krache oswa gout saliv ki sot nan bouch moun sa a lè li ap respire, pa egzanp lè li estènye. Menm jan avèk viris natirèl yo, VDPV a kapab pwovoke yon maladi lakay moun ki pa vaksinen kont polyo a, pa egzanp li ka lakoz yo paralize.

Kijan ou kapab evite pran polyo?

Ou kapab evite pran polyo ak konplikasyon li yo lè ou vaksinen. Vaksinasyon an pwoteje kont kalite polyoviris sovaj la epi kont VDPV. Sèl mezi kontwòl ki efikas pou fè prevansyon kont enfeksyon an se lè yo kenbe nivo vaksinasyon an byen wo nan kominote a toutotan sa posib.

Kijan moun yo kapab vaksinen kont polyo?

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou a oswa ak pwofesyonèl swen sante timoun ou an pou ou pran randevou pou vaksinasyon kont polyo ak lòt maladi danjere, tankou lawoujòl, malmouton, koklich, varisèl ak COVID-19. Si ou pa gen yon pwofesyonèl, rele **311** oswa **844-692-4692** pou ede ou jwenn youn — yo bay swen nan Vil New York kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou, asirans ou oswa kapasite pou ou peye.

Epitou, timoun ki gen 4 lane epi ki pi gran yo kapab pran vaksen pa yo nan Depatman Sante Vil New York Fort Greene Health Center nan 295 Flatbush Ave. Ext., Fifth Floor, Brooklyn, NY, soti Lendi rive Vandredi, 8:30 a.m. pou 2:30 p.m. Pou ou pran yon randevou, ale sou **nyc.gov** epi chèche **immunization clinic {klinik vaksen}**.

Lè yon moun te pran enfeksyon polyo anvan sa, èske sa fè li pa ka pran li ankò?

Pa nesesèman. Gen twa (3) kalite polyoviris — lè ou enfekte nan youn, sa fè ou pa ka pran kalite sa a ankò, men ou kapab pran lòt de (2) yo. Polyo se yon maladi ki danjere epi pi bon pwoteksyon an se pran vaksen yo.

Ki tretman ki gen pou polyo?

Pa gen okenn medikaman oswa antibiotik espesifik pou goumen kont polyo. Moun ki gen polyo bezwen jwenn swen medikal pou trete konplikasyon maladi a kapab lakoz yo epi pou fè reyabilitasyon.

Depatman Sante Vil New York la kapab chanje rekòmandasyon yo selon jan sitiyasyon an ap evolye.

7.28.22